



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AK GOUVÈNÈ MURPHY NONMEN KRIS KOLLURI KÒM DIREKTÈ EGZEKITIF JENERAL KOMISYON DEVLOPMAN GATEWAY LA

Nan Asanble Santenè Plan Asosyasyon Rejyonal (Regional Plan Association Centennial Assembly) la nan Chelsea Piers, Gouvènè New York la, Kathy Hochul ak Gouvènè New Jersey a, Phil Murphy te anonse konjwentman jodi a ansanm nominasyon Kris Kolluri kòm Direktè Egzekitif Jeneral Komisyon Devlopman Gateway (Gateway Development Commission) la, ki se yon patenarya ant New York, New Jersey ak Amtrak ki kowòdone livrezon Pwogram Gateway la ak ajans patnè li yo, ki gen ladan Otorite Pòtyè a nan New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) ak NJ TRANSIT. Pwogram Gateway la—ki gen ladann redevlopman Portal North Bridge la ak yon nouvo tinèl Hudson River—se youn nan bezwen enfrastrikti ki pi ijan nan peyi a.

Kolluri te sèvi kòm Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) New Jersey depi janvyè 2006 jiska desanm 2008. Nan fonksyon li kòm Komisè DOT, Kolluri te sèvi kòm Prezidan NJ TRANSIT, New Jersey Turnpike Authority, ak South Jersey Transportation Authority. Pandan li te nan DOT, Kolluri te jwe yon wòl enstrimantal nan ede devlope yon estrateji finansman pou satisfè kontribisyon New Jersey anvè pwojè ARC la, yon pwojè tinèl tren enpòtan nasyonalman ki ta konekte New Jersey ak New York. Nan DOT, Kolluri te sipèvize yon total 17,000 anplwaye, plis pase 3.6 milya dola nan fon kapital, ak plis pase 2 milya dola nan fon fonksyonman.

Kolluri pral konsidere kòm Komisyon Konsèy Devlopman Gateway la nan pwochen reyinyon li a ki pral vini, ke yo prevwa 16 me.

"Ak seve konplè li a, Kris Kolluri pote yon dosye ekstrawòdinè sèvis piblik epi mwen gen konfyans li pral sèvi New York ak New Jersey byen kòm Direktè Egzekitif Jeneral Komisyon Devlopman Gateway la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tinèl Gateway Hudson lan enpòtan anpil pou koridò Nòdès la k ap sèvi plis pase 800,000 pasaje chak jou epi li se yon eleman kle nan plan nou pou rebati pi fò pase anvan. Mwen remèsye Gouvènè Murphy pou kolaborasyon li sou seleksyon sa a, epi mwen espere kontinye travay pou sekirize finansman federal, an patenarya ak Administrasyon Biden, pou pwojè enpòtan sa yo ak sèvi pou New York ak New Jersey."

"Avanse Pwogram Gateway la, ak espesyalman Pwojè Tinèl Hudson (Hudson Tunnel Projec, HTP) lan, enpòtan anpil pou rejyon nou an, epi mwen gen konfyans ke lidèchip Kris Kolluri pral ede nou reyalize pwojè sa yo ki nesèsè anpil", **Gouvènè Murphy te deklare.** "Kris gen plizyè ane nan jesyon enfrastrikti ak eksperyans operasyon, ansanm ak anpil ane eksperyans nan gouvènman an, ki pral enpòtan anpil pandan n ap kontinye travay ak patnè federal nou yo fè konplètman finanse ak konplete pwogram Gateway la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li nan seleksyone yon kandida ki pral ede avanse pwojè enpòtan sa yo."

"Mwen santi mwen onore pou mwen nome pa Gouvènè Phil Murphy ak Kathy Hochul pou m vin Direktè Egzekitif Jeneral Komisyon Devlopman Gateway la. Mwen pa ka tann pou rankontre Komisè yo epi sipòte travay yo", **Kris Kolluri te deklare.** "Gen yon opòtinite klè ak prezan ak dezi pami patnè federal, eta, ak bi-eta yo pou avanse Pwojè Tinèl Hudson lan ak Pwogram Gateway la. Akoutèm, HTP an pare pou avanse pou pi devan epi Komisyon an gen yon wòl enpòtan nan sipèvizè siksè livrezon pwojè sa a. Si Komisè yo ta apwouve kandidati mwen an, mwen pran angajman pou m konsantre patikilyèman sou asire ke efò kolaborasyon sa pote fui HTP ap chèche a."

"RPA aplodi anons Gouvènè Hochul ak Gouvènè Murphy pou nonmen Kris Kolluri kòm Direktè Egzekitif Jeneral Komisyon Devlopman Gateway la jodi a nan Asanble Santènè RPA a", **Tom Wright, Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Plan Rejyonal la (Regional Plan Association), te deklare,** "Pwogram Gateway a kontinye rete pwojè enfrastrikti ki pi ijan nan peyi a, ak gwo avantaj ekonomik ak anviwonmantal. Nou rekonesan anvè de Gouvènè yo ak Lidè Majorite Sena a, Loreya Pri 2022 Zuccotti RPA, Schumer pou devouman yo ak lidèchip yo sou Gateway, epi nou pa ka tann pou nou travay avèk yo ak Kris pou fè plan sa a tounen reyalyte. Avèk nivo sipò finansye san parèy nan men gouvènman federal la, nou dwe aji kounye a pou konstwi Tinèl Hudson lan ak lòt pwojè Pwogram Gateway yo."

Anons jodi a baze sou momantòm k ap grandi pou Pwogram Gateway yo nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Gouvènè Murphy, ak Administrasyon Biden lan. Pa egzanp, Portal North Bridge te pibliye yon Avi pou Pwosede mwa pase a pou li pase nan konstriksyon konplè; Pwojè Tinèl Hudson te resevwa 100 milyon dola nan rekè bidjetè pou Ane Fiskal 2023 Administrasyon Biden lan; epi kòm rezilta dirèk angajman finansye ranfòse New Jersey ak New York a, pwojè Tinèl la te resevwa yon pi gwo nòt nan men Administrasyon Transpò Piblik Federal (Federal Transit Administration) la nan pwosesis Sibvansyon Envestisman Kapital (Capital Investment Grant) la, ki pèmèt li kalifye pou finansman sibvansyon Federal.

Kolluri kounye a sèvi kòm Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Camden Community Partnership, Inc., yon òganizasyon devlopman ekonomik ak kominotè san bi likratif. Li te deja sèvi kòm Direktè Egzekitif Jeneral nan Kosèy Gouvènè (Konsèy Miks) Rowan University/Rutgers - Camden. Anvan nominasyon li kòm Ofisyè Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Miks la, li te sèvi kòm Avoka nan kabinè avoka Windels Marx Lane ak Mittendorf, kote li te konseye kliyan sou zafè transpò ak devlopman ekonomik.

Kris te sèvi tou kòm Direktè Egzekitif Jeneral la nan Otorite Devlopman Lekòl New Jersey (New Jersey Schools Development Authority) soti desanm 2008 rive janvye 2010.

Avan li te sèvi kòm Komisè DOT, Kris te espesyalize nan dwa redevlopman ak dwa transpò kòm yon avoka nan Parker McCay nan Marlton. Kris gen yon Diplòm Lisans nan Syans nan Rutgers University - Camden ak yon Doktora Jiridik nan Georgetown University. Li abite nan Haddonfield, New Jersey.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)